

ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO



IndianaHousingNow.org

PWOGRAM ASISTANS POU IJANS LWAYE INDIANA (IERA2)

Pwogram Asistans pou Lwaye Ijans Indiana (IERA2), ki te kòmanse pran aplikasyon an Mas 2023, sipòte fanmi lokatè ki te fè eksperyans difikilite finansye pandan pandemi an lè l ofri asistans pou lokasyon ak sèvis piblik.

IERA2 ka bay avantaj sa yo pou fanmi ki elijib yo:

- Yon peman asistans pou lokasyon kay ki gen ladann aryere (lwaye pase ki dwe) ak twa mwa lwaye k ap vini (alavni).
- Kantite total premye peman an pral depann de konbyen mwa lwaye pase fanmi w dwe. Si fanmi w ajou sou lwaye a, premye peman an ap genyen twa mwa lwaye davans.
- IERA2 ofri yon peman pou chak fanmi ki elijib. Peman adisyonèl kapab disponib pou fanmi ki patisipe nan konsèy pou devlopman fanmi epi ki gen plis mwa asistans ki rete.
- Yo kapab bay peman apre, ki gen ladann aryere ak lwaye k ap vini si fanmi ou a patisipe nan konsèy pou devlopman famiyal INCAA epi amelyore nòt fanmi ou a nan "oto-sifizan" oswa amelyore nan nenpòt nan douz domèn konsantrasyon yo.
- Okenn fanmi pa ka resevwa plis pase 18 mwa asistans nan okenn konbinezon pwogram ERA yo. Sa gen ladann pwogram nan Konte Elkhart, Hamilton, Marion, Lake, St. Joseph, ak Vil Fort Wayne.

Yon fanmi lokatè ta dwe konnen:

- Yo ka bay fanmi ou jiska 18 mwa pou lwaye ak asistans sèvis piblik. Sa a gen ladan lwaye pase ou dwe, lwaye alavni, ak frè rezonab pou reta.
- IERA2 ap peye pi piti nan montan lwaye ki endike nan kontra lwaye a oswa limit lwaye IERA2 pibliye a.

Kantite Chanm	Lwaye Mansyèl Otorize	Asistans pou Lwaye Maksimòm 18 Mwa
Efikasite	\$899	\$16,182
Yon Chanm Yon Chanm	\$957	\$17,226
De Chanm	\$1,124	\$20,232
Twa Chanm	\$1,573	\$28,314
Kat Chanm oswa Plis	\$1,864	\$33,552

IndianaHousingNow.org



Otorite Lojman ak Devlopman Kominotè Indiana



IndianaHousingNow.org

Nou ankouraje ak sipòte pwogram lojman afimatif nasyon an kote pa gen baryè pou jwenn lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, andikap, oswa estati famiyal. Pwojè sa a ap jwenn sipò, an antye oswa an pati, nan nimewo sibvansyon federal ERA0021 Depatman Trezò Ameriken an bay Eta Indiana.

Dènye mizajou Jiyè 2024

ENFÒMASYON POU LOKATÈ YO

PWOGRAM ASISTANS POU IJANS LWAYE INDIANA (IERA2)

- Si w deja resevwa asistans federal pou lwaye (pa egzanp, ou gen yon Koupon Chwa Lojman, w ap viv nan yon inite Asistans pou Lwaye ki Baze sou Pwojè, w ap viv nan Lojman Piblik, elatriye) IERA2 ka ede w ak pòsyon fanmi ou a (pòsyon lokatè a) nan lwaye a.
- Peman pou fanmi ki elijib yo pral fèt bay pwopriyetè k ap patisipe yo.
- Si pwopriyetè w la pa yon pwopriyetè k ap patisipe, fanmi ou a ka toujou resevwa yon avantaj.
- Fanmi ou a responsab pou peye nenpòt lwaye, frè anreta, oswa lòt depans IERA2 pa kouvri.
- Y ap peye yon konpansasyon mansyèl ki koresponn ak mwa asistans pou lokasyon pou sèvis piblik yo mande yo ak depans enèji lakay yo. Tablo ki pi ba a presize kantite lajan pou chak sèvis piblik.

	0 Chanm	1 Chanm	2 Chanm	3 Chanm	4 Chanm	5 Chanm
Chofaj - Gaz Natirèl	24	32	43	52	66	75
Chofaj - Elektrik	55	78	102	123	152	170
Chofaj - Enèji Lakay	58	77	103	128	166	178
Elektrik - Lòt apre Chofaj	49	57	65	73	83	91
Dlo	29	36	46	56	70	88
Egou	54	54	62	71	86	109

- Y ap peye asistans pou sèvis piblik ak/oswa enèji pou kay dirèkteman bay founisè sèvis piblik la. Pou yo peye avantaj sèvis piblik yo, founisè sèvis piblik yo dwe patisipe nan IERA2. Yo pral peye sèvis piblik yo sèlman ak premye peman IERA2.
- Fanmi ou a responsab pou nenpòt sèvis piblik ki pa peye oswa obligasyon enèji pou lakay ki gen ladan frè dekonèkte ak rekonekte, depozit, oswa frè koleksyon.
- Yo ka pa bay asistans pou sèvis piblik ak/oswa enèji lakay pou depans ki enkli nan kontra lwaye a.
- Yon lèt avantaj ki soti nan WIC, TANF, SNAP, HIP, SSI, LIHEAP oswa yon prèv ki soti nan men Otorite Lojman Piblik ou ke w ap resevwa yon Koupon Chwa Lojman oswa w ap viv nan yon Inite Lojman Piblik ka akselere revizyon aplikasyon w lan.
- Konte Hamilton ak Marion te administre pwòp pwogram ERA pa yo. Si w ap viv nan Konte Hamilton, tanpri kontakte Administratè Vil lokal ou a. Si w ap viv nan Konte Marion, IndyRent fèmen kounye a. Tanpri ale nan indy.gov/activity/eviction-prevention-initiatives pou plis resous.

Pou patisipe nan pwogram nan, ou ta dwe:

- Rele 2-1-1 Lendi-Vandredi soti 8:00A.M.- 6:00P.M. pou jwenn èd pou kreye pwofil ou epi ranpli pòsyon kesyon ak repons aplikasyon an.
- Rele 2-1-1 Lendi-Vandredi soti 8:00A.M.- 6:00P.M. pou ede w idantifye founisè INCAA ki ka ede w kreye pwofil ou a, pati kesyon ak repons aplikasyon an, ak fòmilè koleksyon dokiman an.
- Rele 2-1-1 Lendi-Vandredi soti 8:00A.M.- 6:00P.M. oswa ale nan www.incap.org/indiana-housing-stability-program pou jwenn yon founisè konsèy sou estabilite famiyal.
- Pale ak pwopriyetè w la epi fè li konnen ou gen entansyon oswa ou te aplike pou asistans.
- Rele (317)800-6000 oswa voye yon imel nan iera@ihcda.in.gov si w gen kesyon.

IndianaHousingNow.org



Otorite Lojman ak Developman Komünitè Indiana



Nou ankouraje ak sipòte pwogram lojman afimatif nasyon an kote pa gen baryè pou jwenn lojman akòz ras, koulè, relijyon, sèks, orijin nasyonal, andikap, oswa estati famiyal. Pwojè sa a ap jwenn sipò, an antye oswa an pati, nan nimewo sibvansyon federal ERA0021 Depatman Trezò Ameriken an bay Eta Indiana.

Dènye mizajou Jiyè 2024